
# ZVIERA ZVAVASHONA



L. Tatira

34.85

# ZVIERA ZVAVASHONA

L Tatira U.Z
Curriculum & Arts Education
2000

**Liveson Tatira**

MAMBO PRESS

MAMBO PRESS
P.O. Box 779, Gweru, Zimbabwe
Tel: 263-054-24016/7 & 25807
Fax: 263-054-21991

ZVIERA ZVAVASHONA

First published 2000

Copyright © 2000 Liveson Tatira

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, storec a retrieval system or transmitted in any form or by any means, electror mechanical, photocopying, recording, or otherwise without prior permissi from the publisher.

ISBN 0 86922 751 3

Printed and published in Zimbabwe
by Mambo Press, Senga Road, Gweru
2000

## Zviri mukati

**Rutendo** ---------------------------------------- iv

**Nhanganyaya**
Uchenjeri hwaVaShona ----------------------- v

**Chitsauko 1**
Zviera zveutsanana/undere ------------------ 1

**Chitsauko 2**
Zviera zvekudzivirira njodzi/
zvokungwarira ------------------------- 11

**Chitsauko 3**
Zviera zvokudzivirira tsika dzakaipa ------ 19

**Chitsauko 4**
Zviera zvekudzivirira utsinye/moyo
wakashata ----------------------------- 25

**Chitsauko 5**
Zvimwewo zviera ................................... 29

## Rutendo

Vakuru vakati, 'Kusatenda uroyi'. Ini ndinoda kupa kutenda kwangu kukuru kuvanhu vanotevera vanova vakandibetsera kuunganidza zviera izvi vanoti: Mai vangu Mbuya vaEphraim Chifeke Tatira, mudzimai wangu Shamiso Tatira, Vakarahwa vangu vanoti Shadreck Mhuru Magono, Leo Mhuru nemunin'ina wangu Osberg Shumba. Ndinodavo kutenda vanhu vose vakabvunzwa nokupa zviera kuvanhu vadomwa pamusoro. Ndinopazve rutendo rukuru madzikoma angu nemhuri dzavo vanoti Herbert naSimbarashe. Ndinotendazve Francis Matambirofa (*Department of African Languages and Literature*), VaChitsike naVaTafa vaiva kuLiterature Bureau nekundipa mazano pakunyora bhuku iri. Ndinopedzisira ndichitenda zvikurusa vaongorori nevatsikisi vebhuku iri. Kushanda kwamakaita nesimba zvinovongwa. Mose ndinoda kukutendai chose nemoyo wangu wose.

## Nhanganyaya

### Uchenjeri hwaVaShona

MuchiShona medu makarekare vana vati samhukei vaiswera voga kumbudzi. Kumbudzi uku ndiko kwaiitwa unhubu hwakawanda. Zvinoonekwa kuti kwakafura mhepo kudai, zvaitozodzora pwere muunhubu zviera izvo zvavainge vadzidziswa navabereki vavo. Zviera izvi ndizvo zvaizosaka kuti vana vadiki vasatamba nezvinokuvadza, kana kutaura zvinogumburisa vamwe. Chinhu chinozivikanwa zvikuru kuti vana vadiki vane nharo uye vane pfungwa dzokuda kuita zvinhu zvavanorambidzwa saka zviera zvaizobetsera pakuti zvaityisidzira tsvuuramuromo kuti dzikaita zvairambidzwa dzaizowirwa nematambudziko akaita sourwere, urema kana ndufu.

Hazvaireva kuti zvose zviera zvaiwira pwere idzi mbune asi kuti zvaigona kuwira pfuma semombe, hama vangave baba kana mai, zvaigona kuwira nharaunda yose sokusanaya kwemvura.

Zviera izvi zvingangoiswa muzvikwata zvingakwana zvishanu. Zvikwata zvishanu zvingaiswa zviera zvinoti:-

(a) Zviera zveutsanana/undere
(b) Zviera zvekudzivirira njodzi/zvokungwarira
(c) Zviera zvokudzivirira tsika dzakaipa
(d) Zviera zvekudzivirira utsinye/moyo wakaipa
(e) Zvimwewo (ndizvo zvisingapindi muzvikwata (a-d).

Zvimwe zviera zvinokwanisa kupinda muzvikwata zviviri kana kudarika. Kuisa zviera izvi muzvikwata inzira yokungoedza kuisa chiera muchikwata machingangonyanya kukwana. Tinotenda zvikwata izvi zviri pedosa mukuisa chiera chimwe nechimwe machakafanira.

Zvino chiregai tichiona chitsauko chekutanga chezviera zveutsanana/undere.

# Chitauko 1

## Zviera zveutsanana/undere

VaShona vanhu vaizivikanwa kwazvo panyaya dzoutsanana/undere. Dzimba dzavo dzaigara dzakadzurwa nendove yemombe. Madziro edzimba dzavo, kunze nomukati zvaidzurwa zvaiyevedza chose nemavhu machena, matsvuku nematema.

Matenga edzimba dzaVaShona, kusati kwauya marata, waiwana akapfuririwa noumhizha. Uswa hwainge hwakati chechetere, panoperera denga waiona hwakachekererwa kunge nhesa yomunhu ane vhudzi guru. Ruvazhe rwaitsvairwa zuva risati rambofunga kubuda, nokudaro ruzhinji rwaizosara kumuka vazhe dzose dzachena kare, huruva yatogara pasi.

Mvura yaimwiwa yaibva muzvitubu kana matsime aiyemurika. Waiwana tsime rakavharwa nemabwe kana matanda kuti mombe dzisamwa uye kuti mvura isazara mashizha. Mvura yokunwa yaiiswa muchirongo yofunhirwa kuti isapinda huruva.

Sadza rakavata, munya, raifuma rodziiswa kupisa utachiona, vanhu vasati vadya. Nokuda kwetsika

dzakawanda dzokuchengetedza utsanana, VaShona vakaisa zviera zvaisimbisa tsika idzi. Zvimwe zvezviera zveutsanana ndezvinotevera:

1 **Chiera:** Ukagara duri

**Dudziro**: Unonzwa musana/unozoita muroyi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina undere kugara duri nokuti munotswirwa zvekudya.

*2 **Chiera**: Ukagara pfihwa

**Dudziro**: Unozoponda mukadzi/unofirwa nomukadzi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina undere kugara panobikirwa uyewo pamapfihwa paiisiwa nyama.

(b) Unokwanisa kutsva magaro.

(c) Unokwanisa kusviba magaro.

(d) Mapfihwa anokwanisa kuzoshaikwa atorwa kunogarwa pazhe.

3. **Chiera**: Ukaitira tsvina muzhira

**Dudziro:** Unoita mamota pamagaro/magaro anosvuuka/anotsvuka.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina undere kuitira tsvina muzhira.

(b) Vanhu vanozogona kutsika tsvina yako.

*4 **Chiera**: Ukatswa pasi nomutswi

**Dudziro**: Unotswa vadzimu/hama dzinopera kufa.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unozosvibisa mutswi unoshandiswa pane zvekudya.

(b) Mutswi unogona kutora ivhu rozosangana nezvaunotswa vanhu vozorumira pakudya, ringava dovi kana mupunga.

*5 **Chiera:** Ukagara mudota

**Dudziro**: Unoita mamota/mhezi/munyama.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unosviba.

(b) Unogona kutsva ukagara pane moto.

6. **Chiera**: Mvura yagezeswa mwana hairashwi pese pese

**Dudziro:** Mwana anozoondoroka.

**Chokwadi chacho:**

(a) Mvura inenge ine tsvina zvokuti inogona kudana nhunzi. (Hazvina undere).

*7 **Chiera**: Ukarova mwana nomugoti

**Dudziro**: Haazorebi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Mugoti chinhu chinobikiswa zvokuti hazvina undere kuchishandisa pakurova munhu.

(b) Mugoti unogona kuvhunika.

(c) Mwana anogona kukuvadzwa akarohwa nemugoti.

*8 **Chiera:** Ukabata muswe wembwa/wekiti

**Dudziro**: Unoita simbe/bofu/nhetemwa/ munyama/muroyi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina undere kubata muswe wembwa/kiti.

(b) Unogona kurumwa nembwa kana kushunywa nekiti.

(c) Kuti vana vasatambudza zvipuka izvi.

9. **Chiera**: Ukagara paguyo

**Dudziro**: Unofirwa nomukadzi/unomera makuvhu maviri.

**Chokwadi chacho:** ???

10. **Chiera**: Mugoti hausiiwi muhari (usina kusukwa)

**Dudziro**: Unozotadza kuita weti/vanhu vanozonzwa mabayo.

**Chokwadi chacho:**

(a) Nhunzi dzinozonyin'inyira pamugoti dzichiisa svina.

(b) Mugoti waoma unozonetsa kusuka zvekuti hauzonyatsi kuchena.

11. **Chiera**: Ukacheresa hari nemvura ine matsito

**Dudziro**: Tsime rinopwa.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unoisa tsvina mumvura inomwiwa.

12. **Chiera:** Ukasageza maoko wabva kuguva

**Dudziro**: Unorota hope dzakaipa.

**Chokwadi chacho**:

(a) Ungazokanganwa ukadya nemaoko ane tsvina iwe wanga uchibata zvakawanda kuguva.

13. **Chiera:** Ukadya zvakatonhora semunya

**Dudziro**: Unonzwa mabayo.

**Chokwadi chacho:**

(a) Ungazodya noutachiona ukarwara.

14. **Chiera**: Ukarega imbwa ichikunanzva

**Dudziro:** Unoita munyama.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina undere kunanzvwa nembwa nekuti imbwa inodya twakawanda tunosanganisira tsvina yevanhu.

15. **Chiera:** Pachidziva/chitubu pane njuzu hapafanirwi kusukirwa hari

**Dudziro**: Panozopwa.

**Chokwadi chacho:**

(a) Tsvina inozopinda mumvura.

16 **Chiera**: Ukabata hove dzemuchitubu

**Dudziro:** Chinozopwa.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kusvibisa mvura.

(b) Kubvonyongora mvura.

17. **Chiera:** Ukawetera mumvura

**Dudziro**: Hauzozvari.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unosvibisa mvura.

(b) Kana une chirwere vamwe vanozochibatawo.

18. **Chiera**: Ukageza mvura yagezeswa mwana

**Dudziro**: Unomutorera muviri.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina undere kugeza mvura yakasviba.

*19 **Chiera:** Ukagara murusero

**Dudziro:** Unoita mbeveve/dera/muroyi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina undere kugara munoiswa zvekudya.

(b) Unogona kupwanya rusero.

20 **Chiera**: Ukaridza dende/gaba remunyu

**Dudziro:** Unoita benzi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina undere kufemera mune zvekudya.

(b) Dzimwe nhambo pwere dzinogona kuisa madzihwa kana mate mugaba iri padzinenge dzichiridza muridzo, izvi hazvina undere.

21. **Chiera**: Ukawetera mumoto

**Dudziro**: Unoita bhirihaziya.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kupiswa nomoto.

(b) Vanhu vanozobikira kana kugochera zvekudya pane tsvina.

**NB*** Zviera izvi zvinokwanazve muchikwata chekudzivirira njodzi/zvokungwarira.

Zvino muChitsauko chinotevera tochitarisa zviera zvinodzivirira njodzi/zvokungwarira.

# Chitsauko 2

## Zviera zvinodzivirira njodzi/zvokungwarira

Sezvamunongoziva, kutamba kwepwere kunogona kuva nenjodzi, nokudaro, panowanikwa zviera zvinodzivisa vana kutamba kwakashata. Zvimwe zvezvinhu zvinodzivirirwa nezviera izvi hazviwanikwi pakutamba chete, dzimwe nguva vana vanenge vachitoita basa, vanogona kuva vanenge vachifamba, kudya, kunyangwe kudziya moto chaiko.

VaShona vakaona kuti mukurarama kwavana pane zvinogona kukuvadza saka vakazofunga kutsiudza pwere nezviera zverudzi rwezviri pazasi apa. Zvimwe zvezviera zvacho ndezvinotevera:

1. **Chiera**: Ukagara muzhira

   **Dudziro**: Unomera mamota.

   **Chokwadi chacho:**

   (a) Kuti vana vasatsikwa nemotokari/mabhasikoro/ngoro.

2. **Chiera**: Ukasonera hembe pamuviri

**Dudziro**: Unosonerera nhamo.

**Chokwadi chacho:**

(a) Mwana asazvibaya nenariti/tsono.

3. **Chiera**: Ukarova munhu nemutsvairo

**Dudziro:** Haazozvari.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kubaya umwe akakuvara.

(b) Unogona kuvhuna mutsvairo.

4. **Chiera:** Ukafamba nenhendeshure

**Dudziro**: Unorumwa neshumba/unenge uchishuridzira rufu rwaamai vako.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kukuvara nokuti unenge usingaoni kwaunoinda.

*5 **Chiera:** Ukananzva banga

**Dudziro:** Unozoruta/unomera madurikwa/ unonzwa mabayo.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kuzvicheka rurimi.

(b) Hazvina undere kuisa mate banga rinochekesa zvekudya.

6 **Chiera:** Mukacheka makabatirana nyama yakagochwa

**Dudziro:** Munofa musi mumwe.

**Chokwadi chacho:**

(a) Munogona kuzochekana.

7 **Chiera:** Ukakwakuka mwana

**Dudziro**: Haazorebi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kutadza kukwakuka ukakuvadza mwana.

8. **Chiera:** Mwana akabudiswa napahwindo

**Dudziro**: Unozoita mbavha.

**Chokwadi chacho:**

(a) Zvinogona kukuvadza mwana.

9. **Chiera:** Ukadya hwowa mupengo

**Dudziro**: Unopenga.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unofa.

10. **Chiera**: Ukaisa mwana mucheche pamafudzi

**Dudziro**: Haazomeri meno.

**Chokwadi chacho:**

(a) Anogona kuwa.

(b) Anogona kuvhunika musana.

11. **Chiera**: Ukaenda nemwana mucheche pachuru

**Dudziro:** Unozofa/haazomeri meno.

**Chokwadi chacho:**

(a) Anogona kuwa.

(b) Anogona kurumwa nemajuru.

2. **Chiera:** Ukasenga mwenje

**Dudziro:** Unozoita muroyi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kuzvipisa.

(b) Kupisa imba.

13. **Chiera**: Ukatsvairira marara panze usiku

**Dudziro:** Unodzinga mudzimu.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kuzorasha nezvinhu zvinokosha.

14. **Chiera**: Ukachinjika huni muchoto

**Dudziro**: Vakadzi vanozotambura pakuzvara vana vanenge vakachinjika nhumbu.

**Chokwadi chacho:**

(a) Vanhu vanozopingwa nehuni vopinyura hari.

(b) Vanhu vanogona kupingwa nehuni vakawa.

15. **Chiera:** Musikana akapara mukati mepoto nebanga

**Dudziro:** Anozonzwa jeko.

**Chokwadi chacho:**

(a) Anosakadza poto.

(b) Anogona kuzvicheka.

(c) Anokomadza/anopedza banga.

16. **Chiera:** Ukaorera madota nemaoko

**Dudziro:** Unozoita munyama.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kutsva.

17. **Chiera:** Ukakwesha maoko nemusheche

**Dudziro:** Unozoita munyama.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kuzvikuvadza nawo.

18. **Chiera:** Ukaimba wakasenga chinhu

**Dudziro:** Unozopenga.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kuvarairwa ukazochiputsa kana kudonhesa.

19. **Chiera**: Ukagara wakafuratira moto

**Dudziro**: Unozoita muroyi/unokoka nhamo.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kutsva musana usingaoni.

20. **Chiera:** Ukadziisa makumbo pamoto

**Dudziro**: Unozosvedza mugomo.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unogona kuzvipisa.

***NB** Chiera ichi chinowanikwazve muchikwata chezviera zveutsanana/undere.

Zvino chiregai tichiona zviera zvinodzivirira tsika dzakaipa.

## Chitsauko 3

### Zviera zvinodzivirira tsika dzakaipa

PachiShona izwi rokuti unhu rinoshandiswa kureva tsika... Kazhinji munonzwa vanhu vachiti, "Ngana munhu chaiye", kureva kuti munhu ane tsika dzakanaka. Unogona kunzwa vamwe vachiti, "Paya hapana munhu", vachireva kuti munhu wacho haana tsika dzakanaka. Vamwe vanhu vanogona kutaura vachiti "Ngana ndiye oga munhu pafemu, vamwe vose vachena", kana kunzwa vachiti "haasevenzi pamunhu asi pamurungu."

Zvose zvinoratidza kuti chinonzi naVaShona munhu hunge ane tsika dzakanaka. Kukoshesa kunoita vaShona tsika dzakanaka, kunoonekwa nezviera zvavo zvinosimbisa tsika dzakanaka.

Zvimwe zvezviera zvinodzivirira tsika dzakaipa ndezvinotevera.

1. **Chiera:** Ukadongorera munhu achigeza

   **Dudziro:** Unoita showera.

   **Chokwadi chacho:**

(a) Kudzivisa nhubu dzinodongorera vanhu vachigeza.

(b) Zvinozokonzera kubhinya vamwe.

*2 **Chiera:** Ukadya wakavata

**Dudziro:** Unoita makuvhu maviri/unonzwa mabayo/unoita dumbu kumusana.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina unhu, nokuti hazviremekedzi wabika uye zvekudya zvacho – VaShona vanoremekedza tsika yokudya vanhu vakagara.

(b) Unogona kudzipwa.

*3 **Chiera**: Ukadya uchitaura

**Dudziro**: Unozoita benzi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina unhu nokuti zvinonzi hauremekedzi zvaunodya – VaShona vanoremekedza tsika yekudya vanhu vakanyarara.

(b) Unogona kupfira vamwe.

(c) Unosemesa vamwe nekutaura une zvekudya mumukanwa.

(d) Unogona kudzipwa.

*4 **Chiera:** Ukadya uchifamba

**Dudziro**: Unozoita muroyi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Hazvina unhu nokuti VaShona vanoremekedza tsika yokudya vanhu vakagara.

(b) Munhu anofanira kuremekedza zvabikwa/mubiki nokusafamba achidya.

((c) Hauzonatsi kuguta.

(d) Unogona kurasha kana kuteura zvaunenge uchidya.

5. **Chiera:** Ukapfira musupe

**Dudziro**: Unozozvara musupe.

**Chokwadi chacho:**

(a) Kuti vanhu vasasemana.

6. **Chiera**: Mukomana akakokota mugoti

**Dudziro:** Anozomera mazamu.

**Chokwadi chacho:**

(a) Mukomana anofanira kuremekedza abika nokuregera achikokota mugoti.

7. **Chiera**: Ukaridza muridzo mumba

**Dudziro:** Unodana varoyi/zhara/nyoka.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unoita ruzha.

*8. **Chiera:** Ukabika uchiimba

**Dudziro:** Vanhu havazoguti/sadza rinoita mbodza/unozopenga.

**Chokwadi chacho:**

(a) Munhu achibika anofanira kutsiga.

(b) Kuimba kunorambidzwa nokuti dzimwe dzenguva zvinotaridza kunyunyuta.

(c) Unogona kuisa mate musadza.

**Chiera:** Ukanongedza muroyi nechigunwe

**Dudziro:** Hachizofonyoki.

**Chokwadi chacho:**

(a) Vana vanozoparira vakuru mhosva.

(b) Hazvina unhu kunongedza munhu nemunwe.

*NB Zviera izvi zvinokwanazve muzviera zvekudzivirira njodzi/kungwarira, kuzhe kwechiera *8 icho chinogona kuwanikwa muzviera zveutsanana.

Zvino tinoda kuchitarisa zviera zvinodzivirira vana kuti vasaita utsinye muchitsauko chinotevera.

## Chitsauko 4

### Zviera zvokudzivirira utsinye/mwoyo wakaipa

Muchikwata ichi ndimo matinowana zviera zvinodzivirira vechidiki kuita utsinye/moyo wakaipa. Tingati kazhinji vana vadiki vanoita utsinye vasingazivi kuti vari kuita utsinye. Ruzhinji rwacho vanenge vachitoti vari kutamba. Kuda chimwe chinoitisa vechidiki utsinye ndechekuti vana ava vakaona tupuka tudiki vanenge vawanawo pekutaridzira masimba avo.

Tinoona dzimwe nguva vana vadiki vachinakidzwa nokuuraya tupuka utwu. Mukatarisa zvinoitwa tutiyo twehuku, zvimbwanana kana zvikiti munonzwa urombo. Unowana vana vachirovera pasi, vachikanda nokurova zvipuka izvi. Zvimwe zvakaita sezvitiyo zvehuku zvinotofa, chikiti chinotozopona nokutiza kana kushunya.

Kune zvimwe zvipuka zvakaita senyenze, vana vadiki vanonakidzwa nokuzvitambudza zvikuru. Kumafuro unowana 'nyenze dzichiita ruzha rwokurwadziwa uku kumashure dzakabaiwa neminzwa yomupangara. Unowana pwere dzichifa nokuseka idzo nyenze dzichingiririridza kuchema nokurwadziwa.

VaShona vakaona utsinye hwakadai nehumwe hwakawanda, vakaona zvine ungwaru kudzivirira utsinye nekushandisa zviera. Kazhinji zviera zverudzi urwu zvinowanza kudzivirira zvipuka zvisina simba. Mimwe mienzaniso yacho ndeinotevera:

1. **Chiera**: Ukauraya mutswunyamutswunya

   **Dudziro**: Mombe dzinoita maronda pamazamu.

   **Chokwadi chacho:**

   (a) Kuti vana vasauraya tupuka twese twese.

2. **Chiera**: Ukauraya kiti

   **Dudziro:** Inopfuka.

   **Chokwadi chacho:**

   (a) Kudzivirira tupuka tusina simba.

*3 **Chiera**: Ukatasva imbwa

**Dudziro**: Unoita muroyi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Kuti imbwa isanetswa nepwere.

(b) Kudzivirira kuzorumwa nembwa.

4. **Chiera**: Ukauraya datya

**Dudziro:** Hakuzonayi.

**Chokwadi chacho:**

(a) Kudzivirira kuurawa kwetupuka twudiki twusingadyiwi.

5. **Chiera**: Ukauraya rwaivhi

**Dudziro:** Unozofa uchifunuka muviri.

**Chokwadi chacho:**

(a) Kudzivirira kuuraya tupuka twusingadyiwi.

* Chiera ichi chinowanikwazve pazviera zvokudzivirira njodzi/zvokungwarira.

Zvino tochipedzisa nokupa zviera zvakangosangana-sangana asi zvisingakwanisiki kupinda muzvikwata zvapiwa.

## Chitsauko 5

### Zvimwewo zviera

Zviera izvi tazviisa pazvo zvega kwete nokuti zvakafanana, tingangoti kufanana kwazvo ndekwekuti zvose hazvipindi muzvikwata zvatapa pamusoro. Mimwe mienzaniso yezviera izvi ndeinotevera.

1. **Chiera:** Vana vakadya mazai

   **Dudziro**: Vanozoita buka.

   **Chokwadi chacho:**

   (a) Vakuru vaida kudya voga zvinonaka.

   (b) Kuti vana vasazoba mazai mumatendere.

2. **Chiera:** Imbwa ikapiwa mupunga

   **Dudziro**: Inozobondera/inonzvengwa neshuro.

**Chokwadi chacho:**

(a) Kuchengetera vanhu zvinonaka.

3. **Chiera:** Usarova mapfihwa

**Dudziro:** Kunozoita guti.

**Chokwadi chacho:**

(a) Unotsva kana kukuvara.

4. **Chiera:** Usaita ngano nezvirahwe muzhezha

**Dudziro:** Mbeu dzinopera kudyiwa nemhuka dzesango.

**Chokwadi chacho:**

(a) Vanhu vainzi vanozononoka kuvata vakaita ngano/zvirahwe muzhezha vozononoka kumukira kumunda.

5. **Chiera:** Itsvo haidyiwi nevana

**Dudziro:** Vanozoita chirwere.

**Chokwadi chacho:**

(a) Kuti vakuru vadye voga zvinonaka.

6. **Chiera:** Vakomana vakadya shana

**Dudziro**: Havazozvari.

**Chokwadi chacho:**

(a) Shana dzina mafuta akawanda vakomana vanonzi vasafuta.

7. **Chiera:** Ukadya derere uchindovhima

**Dudziro**: Mhuka dzinosvedza (hadzizobatiki).

**Chokwadi chacho:**

(a) Ukadya nederere unokasira kuguta asi wozokasira kunzwa zhara.

8. **Chiera:** Vana vadoko vakadya chikanganwa-hama

**Dudziro**: Vanozokanganwa hama.

**Chokwadi chacho:**

(a) Kuti vakuru vadye voga zvinonaka.

**Mhedziso**

Muchinyorwa ichi zviri pachena kuti zviera ndeimwe zhira yaishandisa VaShona kudzidzisa vana kuva vanhu vane unhu neungwaru. Muzviera munobudiswa ungwaru rwaVaShona. VaShona vakaona kuti vakangodzivisa pwere kuita zvimwe zvinhu pasina zviera zvavaipa pwere dzaisateerera. Zvino zviera izvi zvinotyisidzira kunyangwe svuuramuromo zvokuti ishoma pwere dzaizotyora zviera izvi. Hazvirevi kuti tingati zviera zvaidzivisa vana kudya zvinhu zvinonaka uye nokuvaka muviri zvakanaka. Asi tichitarisa tsika yezviera, tinoona kuti zvakaipa patsika iyi ndizvo zvaiva zvishoma, zvizhinji zvazvo zvaibetsera sezvamaona muzvitsauko 1-4.

Hamenowo kuti ramangwana nechirungu chiri kupinda rudzi rwedu rweChiShona zviera izvi zvicharamba zvichitevedzerwa here? Zviri kwatiri vanhasi kuchengetedza tsika dzedu nokuti mangwana tingafuma tiri rudzi rusina zuru.

## MAMBO PRESS SERIES IN ORAL LITERATURE

### SHONA

Ngano Dzamatambidzanwa:A.C. Hodza

Zvirahwe: A. Munjanja

Zvirevo ZvavaShona: C. M'bayiwa

### NDEBELE

Imvelo Lolimi LweSindebele:

Izaga (Proverbs): Nyamambi/ Mpofu

Ndebele Proverbs & Other Sayings (Ndebele and English): J.N. Pelling

Amalibho Lencazelo Zawo: N Sigogo & D.B. Ndlovu

**MAMBO PRESS SERIES ON CULTURE & SOCIETY**

SHONA CULTURE & HERITAGE

Confession of a Wizard: M.M. Hove

Growing Up in Shona Society: M. Gelfand

Karanga Mythology: H. Aschwanden

Shona Customs: C.& P. Kileff

The Genuine Shona: M. Gelfand

The Shona Peoples: M. Bourdillon

Tsumo/Shumo: A. Hamutyinei/A. Plangger

**NDEBELE CULTURE & HERITAGE**

Amaphupho Lencazelo Zawo: J.N. Ngulube

Ndebele Religion & Customs: W. Bozongwana

Imikhuba Lamasiko amaNdebele: T.M. Ndlovu
D.N. Ndlovu & B.S. Ncube

**Uchenjeri hwaVaShona**

MuchiShona medu makarekare vana vati samhukei vaiswera voga kumbudzi. Kumbudzi uku ndiko kwaiitwa unhubu hwakawanda. Zvinoonekwa kuti kwakafura mhepo kudai, zvaitozodzora pwere muunhubu, zviera izvo zvavainge vadzidziswa navabereki vavo. Zviera izvi ndizvo zvaizosaka kuti vana vadiki vasatamba nezvinokuvadza, kana kutaura zvinogumburisa vamwe. Chimwe chinozivikanwa zvikuru kuti vana vadiki vane nharo uye vane pfungwa dzokuda kuita zvinhu zvavanorambidzwa saka zviera zvaizobetsera pakuti zvaityisidzira tsvuuramuromo kuti dzikaita zvairambidzwa dzaizowirwa nematambudziko akaita sourwere, urema kana ndufu. **Nhanganyaya.**

••••••••••••••••••••••••••••••••

"Ukadya bonga mangwana rinozokudyawo."

****************

"Mungozva haabikiri vamwe sadza."

*Cover design: L Ncube*

ISBN 0 86922 751 3